*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№64-65

(9808-9809)

2016 соналъул
11 ноябрь

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*



## РОССИЯЛЪУЛ МИЛЛАТАЗУЛ ЦОЛЪИЯЛЪУЛ КЪО!

4 ноябралда районалъул культураялъул рукъоб тIобитIана Россиялъул миллатазул цолъиялъул къоялда хурхун тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна администрациялъул идарабазул хIалтIухъабазгун школалъул цIалдохъабаз. Тадбир рагьана ва бачана Культураялъул управлениялъул нухмалъулей Лайла Джабраевалъ.




-ЛъикI щварал, хIурматиял гьалбал. Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго нилъер ватIаналъе жиб таварихалъулъ араб Россиялъул миллатазул цолъиялъул къо. Гьарула нужее даимаб рохелги, сахлъиги, талихIги ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъабиги. Гьелдаса хадуб гьелъ кIалъазе рагIи кьуна хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе.

-ХIурматиял районцоял жакъасеб къо ккола тIолабго Россиялъего жиндир кIвар цIикIкIараб,ва жиб рохалида батIи-батIиял миллатаз кIодоги гьабулеб къо. Гьаб къо нилъеца кIодо гьабулеб буго 2005 соналдаса нахъе. Лъидаго кIочон тезе бегьиларо ватIаналде тIаде къо ккедал Россиялъул миллатазул цолъиялъ цIунараблъи гьелъул эркенлъи. ГIицIго гъункиялдалъун кIола нилъеда кIудиял бергьенлъаби росизе. Нилъеда бараб буго кинаб пачалихъалда нилъер лъималаз гIумру гьабизе бугебали. Гьединлъидал нилъеца бачIунеб гIелги куцизе ккола лъаялдалъун, гъункиялдалъун ва бергьенлъиялдалъун гIумру цебе бачине.

Хадув кIалъазе вахъана районазда гьоркьосеб экологиялъул комитеталъул председатель Лабазан МухIамадов.

-ХIурматиял районцоял районалъулго интеллигенциялъул рахъалдаса баркула киназдаго жакъасеб къо.Россиялъул миллатазул цолъиялъул къо гьеб ккола нилъер чIухIи. Нилъер районалъ гьеб цолъи бихьизабуна 1941 соналъги, 1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъиназдаги ва жакъа къоялдаги бихьизе гьабулебги буго. Нилъер къуваталъулъ буго нилъер намус. Гьарула хадубккунги нилъер районалъеги, Дагъистаналъеги тIолалго россиялъул миллатазеги цолъиги, гъункиги, даим роцIцIараб зобги.

Ахиралда культураялъул хIалтIухъабаз бихьизабуна концерт.

***З. МУХIАМАДОВА***




## БАРКУЛА ЦIИЯБ ХЪУЛУХЪ



Джабраева Лейла Юнусовна гьаюна 1981 соналда. 1997 соналда хIалтIизе лъугьана МахIачхъала шагьаралда «Гулливер» гимназиялда хореографлъун. 2001 соналъ хIалтIизе лъугьана Болъихъ районалда искусствоялъул школалда преподавательлъун. Гьелдаса хадуй хIалтIана лъималазул творчествоялъул рукъой хореографлъун. 2010 соналъ цIунана «Дагъистаналъул фольклор лъималазул творчествоялъулъ» абураб гIелмияб хIалтIи. МустахIикълъана Россиялъул Федерациялъул хIурматияй хIалтIухъан абураб цIаралъе. 2008 соналъ хIалтIизе лъугьана балетмейстерлъун. 2012 соналъ тIамуна «Ботлих» ансамблялъул руководителлъун. ХIалтIул заманалда Лайлаца жийго йихьизаюна махщел камилай, хIалтIи лъалей, пагьму гьунар бугей, жавабчилъи бергьарай хIалтIухъанлъун.

Дагъал церегIан къояз Лайла тIамуна районалъул Культураялъул Управлениялъул нухмалъулейлъун. Баркула гьелда гьеб хIалтIи ва гьарула хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

# ИНТЕРВЬЮ

## НАЧАЛЬНИКА ОТДЕЛА ВК РД ПО БОТЛИХСКОМУ И АХВАХСКОМУ РАЙОНАМ УМАЙГАДЖИЕВА ШАРАНИ ШАРАМАЗАНОВИЧА



**1. Шарани Шарамазанович, насколько известно в районе идет осенний призыв граждан на военную службу. В какие сроки проводится призыв и какие мероприятия?**

На основании Указа Президента Российской Федерации от 29 сентября 2016 г. № 503, приказа Министра обороны Российской Федерации от 30 сентября 2016 г. № 625, приказа начальника отдела военного комиссариата Республики Дагестан по Ботлихскому и Ахвахскому районам от 30 сентября 2016 г. № 38, в отделе ВК РД по Ботлихскому и Ахвахскому районам с 1октября 2016 г. районная призывная комиссия начинает свою работу по призыву граждан на военную службу и заканчивает 31декабря 2016 г.

Призыв включает в себя следующие мероприятия: прохождение медицинского освидетельствования, явку граждан на заседание призывной комиссии и нахождение в военном комиссариате для отправки к месту прохождения военной службы.

**2. Кто включается в состав призывной комиссии?**

Для проведения осеннего призыва в районе по решению главы Республики Дагестан создана призывная комиссия, в состав которой входят компетентные работники органов исполнительной власти района и приказом начальника отдела ВК РД по Ботлихскому и Ахвахскому районам создана медицинская комиссия из числа наиболее квалифицированных врачей-специалистов, имеющих опыт проведения медицинского освидетельствования (обследования) граждан.

**3. Имеются ли такие моменты, на что вы хотели бы обратить особое внимание и направить основные усилия при проведении осеннего призыва?**

При организации и проведении в октябре-декабре 2016 г. призыва граждан на военную службу и комплектования войск основные усилия будут сосредоточены:

-на предназначение призывников в команды в строгом соответствии с полученной военно-учетной специальностью, а также гражданской специальностью, родственной ВУС;

-на организацию и выдачи банковских карт в порядке, определенном руководством Минобороны России и командованием Южного военного округа, всем гражданам призванным на военную службу и направляемым для ее прохождения в Вооруженные Силы РФ;

-на контроле за призывом на военную службу всех выпускников ВУЗов, не имеющих право на отсрочку или освобождение от призыва на военную службу и их направление на комплектование команд с учетом полученной ими специальности;

-за исключением случаев предоставления гражданам отсрочек и освобождения от призыва на военную службу в нарушение законодательства Российской федерации (прежде всего гражданам, обучающимся по образовательным программам высшего профессионального образования, перешедшим с одной образовательной программы одного уровня на образовательную программу другого уровня, а также гражданам, проходящим службу в правоохранительных органах и учреждениях).

**4. Какая категория граждан подлежит вывозу на призывную комиссию ?**

Будет обеспечен вызов на районную призывную комиссию всех граждан, достигших 18-летного возраста, в том числе имеющих право на отсрочку от призыва на военную службу на время обучения в образовательных учреждениях среднего (полного) общего образования и профессионального образования (для исключения случаев непредставления им первой отсрочки и возникновения у них права на ее получение при обучении в ВУЗах).

**5. Какую категорию граждан вы будете направлять на военную службу в первую очередь?**

Проведены мероприятия по призыву на военную службу и направлению в Вооруженные Силы Российской Федерации граждан, как правило, из числа получивших военно-учетную специальность в образовательных учреждениях ДОСААФ России (в городах Махачкала, Буйнакск, Хасавюрт, Кизляр, Дербент), имеющих высшее профессиональное образование, высокие морально-нравственные качества и годные по состоянию здоровья.

**6. Сегодня, к сожалению, среди участников бандгрупп очень много молодежи. Будет ли проведена проверка призывников на причастность к бандгруппам?**

Будет организовано и обеспечено проведение обязательной проверки всех граждан, подлежащих призыву и их близких родственников органами внутренних дел и ФСБ на причастность к бандгруппам и к совершенным преступлениям.

**7. Призывники с Северного Кавказа, особенно Дагестанцы, не всегда славятся с хорошей стороны, случаются правонарушения, конфликтные ситуации. Какие действия могут быть приняты Вашим отделом в урегулировании таких инцидентов?**

Не достойное поведение некоторых наших призывников и военнослужащих создают в воинских коллективах разного рода землячества, криминогенную обстановку и зачастую проявляют неповиновение. Это заметно осложнило отношение к военнослужащим призванным из нашей республики их сослуживцев и командиров. Возможно, поэтому и было принято решение о сокращении количества призывников из Дагестана.

В сложившейся ситуации Военным комиссаром РД делается немало, чтобы максимально увеличить количество граждан, призываемых на военную службу из Дагестана. Но Военный комиссар Республики Дагестан заявляет, что это количество будет призываться при одном условии, если наши призывники будут вести себя в армии так, как должен вести себя любой военнослужащий в соответствии с требованиями воинских Уставов. Он также отметил, что дагестанцы должны помнить, что через их поведение и поступки во многом складывается мнение о дагестанцах и о Дагестане, поэтому к работе по организации призыва граждан, кроме военного комиссариата должны реально подключиться и родители, и ветеранские, общественные организации и государственные структуры.

**8. В случае совершения военнослужащими из нашего района правонарушений какие меры будут приняты Вашим отделом?**

В случае совершения правонарушений (преступлений) военнослужащими призванными из нашего района, к месту прохождения ими военной службы будут направляться поручители и представители комитета солдатских отцов, представителей органов местного самоуправления, для участия в проведении разбирательства, совместно с командованием воинских частей и принятия соответствующих мер воздействия.

**9.Кто сопровождает призывников к месту прохождения службы?**

Будет организовано сопровождение граждан призванных из района на сборный пункт ВК РД старшими команд отдела военного комиссариата.

**10. Последний вопрос. Могут ли местная общественность или официальные органы получить информацию о прохождении военной службы нашими ребятами?**

С получением информации от командования воинских частей и прохождения военной службы гражданами из нашего района будет осуществлено информирование родителей, глав сел и главы района о результатах исполнения обязанностей военной службы военнослужащими, а также об имеющихся проблемах.

Хочу еще добавить, что личную ответственность за результаты выполнения нормы призыва граждан на военную службу, за организацию мероприятий медицинского освидетельствования граждан призываемых на военную службу, за нарушение действующего законодательства Российской Федерации, будут нести работники военкомата.

По вопросам проведения мероприятий, связанных с призывом и со службой военнослужащих из нашего района, их родители и родственники могут обратиться в отдел военного комиссариата. Мы окажем содействие в решении интересующихся вопросов.

Благодарим Вас, Шарани Шарамазанович, за исчерпывающие ответы, успехов Вам в проведении очередного призыва. А нашим ребятам я желаю, чтобы они достойно отслужили и благополучно вернулись в свои семьи.

***А. АГЛАРОВ.***

# Гьидаят



1438с. Сафар

Молодежная исламская газета

Сафар моцI ва гьелъул адабал  4

«Ассалам» газета-гIашикъаб гьобол  5

Хунзахъ форум  6

## «Динияб ишалъул комитеталъул» вакилзаби-Болъихъ

Дагьал церегIан къояз Болъихъ районалде рачIун рукIана «Динияб ишалъул комитеталъул» вакилзаби. Гьезулгун дандчIвай гьабуна райадминистрациялъул данделъабазул залалда. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна росабазул дибирзабаз, школазул директорзабаз, идарабазул нухмалъулез. Гьениб борхана экстремизм, терроризм ва наркомания гIадал балагьал унтаби тIагIинаризе ккеялъул суал. Данделъи рагьана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас.

Ассаламу гIалайкум, хириял гьалбал ва районцоял. Нилъер обществоялда гьоркьоб бакI гьечIо терроризмалъеги, экстремизмалъеги, наркоманиялъеги. Гьеб гьоркьоса тIагIизабиялде кIвар кьезе ккола кинацаго. Щивав чияс хIаракат бахьизе ккола гьеб балагьаб унтуде данде рагъ базеги гьеб тIагIинабизеги...



Гьелдаса хадуб кIалъазе рагIи кьуна хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировасе. Гьес кьуна гьарурал хIалтIабазул хIисабги, бицана администрациялъ диналъул рахъалъе гьабураб кумекалъулги.

Хадув кIалъазе вахъана районалъул имамасул заместитель ХIусен Расулов.

АльхIамдулиллагьи раббил гIаламин ва салату ва ссаламу гIала МухIаммади ва гIала алигьи ва асхIабигьи аджмагIин.

Хириял диналъул вацал, нилъ ругьунлъун руго пачалихъ батIияб, дин батIияб жолъун рикIкIине. Дицаги абулеб гьечIо гьеб кIиябго цо жо бугин. Амма дица абулеб буго гьеб кIиябго бачунел нилъ цо ругин, нилъ киналго, АльхIамдулиллагь, буссурбаби руго абун. Гьелъ нилъее чара гьечIого хIажат буго цадахъ рекъон хIалтIи. Аварагги (с.т.гI.в) цохIо Къуръанги малъун гуро ракьалдаса накълулъарав. Гьес малъана дибирас дибирлъи, хIакимас хIакимлъи, гIабидас гIибадат, хъулухъчияс хъулухъ, нухмалъулес нухмалъи ва гь.ц. кин гьабизе кколебали.

Исламалъул террористалилан абула. Гьелъул хIакъалъулъ кьокъаб калам гьабила. ГьечIо квешаб хьизан, росу, район, миллат, вуго квешав чи. Бегьиларо цо квешав чиясде балагьун киназего кьимат кьезе.

Цо чияс жиндирго бокьоб лъун буго гIункI кколеб гудур. Бихьун буго гьеб гIункIалда. Бицун буго гьелъ гIанкIуялда. Дуе лъураб гудур гурищ гьеб, дуцаго гIадлу гьабеян гIадахъ босун гьечIо. Ун буго цIеялде аскIобе-гьелъги гьебго жаваб кьун буго. Ун буго гIакаялде аскIобе гьелдасаги добго жаваб рагIун буго. ХIасилго ккечIого нахъе ун буго. Ккун буго доб гудуралъ борохь. ГIака бечIчIизе ячIарай рукъалъул бетIергьанчIужуялда хIанчIун буго борохьалъ. Гьелъие даруялъе абун хъун буго гIанкIу, раккизе рачIаразе кваназе хъун буго цIе, Аллагьасул къадаралде гьейги щун хъун буго гIака. Гьелъухъего гьеб балагь тIибитIидал щивасда хьинтIичIого хутIуларо. Гьединлъидал щивас гIамал гьабизе ккола гьеб унтуде данде къеркьезе. Гьеб унти диналъул бугин кколеб буго гIемер чиясда. Дин бичIчIарав чи гьелъ кколаро диналъулъ бичIчIи гьечIел цIикIкIун ккола. Гьелъ хIажалъи буго щивав чиясда бичIчIизе гьеб унти нилъер обществоялъего заралияб букIин цохIо диналъе гуреб.

-Гьединго ХIусен Расуловас рехсана дибирзабигун цадахъ лъугьун гьеб квешаб тIабигIатги гьелда релъарал пишабиги тIаса рорхиялъе жидецаго гьарулел хIалтIабазул. Гьес баркала загьир гьабуна районалъул администрациялъе, Оноялъул нухмалъулев ХIажигIиса Измаг1иловасе, телевидениялъул, редакциялъул хIалтIухъабазе гьабулеб хIалтIулъ квербакъиялъухъ.

Гьединго хадур кIалъазе рахъана ГIанди, Болъихъ Гъагъалъ росдал имамзаби.

Ахиралда кIалъазе вахъана «Динияб ишалъул комитеталъул» нухмалъулесул заместитель. Гьес тIоцебесеб иргаялда баркала загьир гьабуна Болъихъ районалъе гьеб балагьаб унтуде данде гьабулеб хIалтIиялъухъ. Абуна нужер район бугила тIоцебе гьеб терроризмалде данде бахъараб доб 1999 соналъул августалъул къояз. Ва кIудияб хьулги божилъиги бугила жидер нужеца гьединабго хIалтIи хадубккунги гьабизе бук1иналда.

***З.МУХIАМАДОВА.***

## РУЧЧАБАЗУЛ МАЖЛИС ТIОБИТIАНА



Дагьал церегIан къояз Болъихъе иргадулаб дагIватгун сапар бухьана динияб идараялъул, руччабазда гьоркьоб дагIваталъул хIалтIи гьабиялъул рахъалъ вакил ГIайшат НурмухIамадовалъ. Руччабазул мажлис тIобитIана микрорайоналда бугеб мадрасалда жаниб.

Данделъи бачана ГIайшат НурмухIамадовалъ.

-Хириял диналъул яцал, жакъа нилъеца гьабулеб мажлисалъ рацIцIуна анцI-анцI квешал мажлисал. КIиго чIужугIаданалъ лъабабилелъул хIакъалъулъ цо жо бицани, гьеб жоги квешаб мажлис ккола. Аллагьас гьаб жакъа къоялда щвезегIан рукIарал квешал мажлисазул жакъасеб мажлисалъ чурайгиха киналниги мунагьал. Гьединго гьаб мажлис сабаблъун ккайги нилъее, нилъ Аллагьасде гIагарлъиялъе, Аллагь лъаялъе. Аллагьасухъан хIинкъун, гьесул калам Къуръаналда нахърилъун, аварагасул (с.т.гI.в) шафагIаталде хьул лъун, гьесул суннаталда нахъ рилъун устарзабазул баракаталда хьул лъун, гьезул нух ккун битIараб нухалъ цере унаго, ахирияб сапаралъ унелъул иманалда рухI бахъун нилъ рухIалдаса ратIалъиялъе сабаблъун ккезабегиха гьаб жакъасеб къо.

Хириял диналъул яцал, нилъ гьаб ахир заманалда ккарал загIипал лагъзал ругелъул, гIемерисел тохлъаби руго нилъер. Диналде данде ккоолареб жо гьабулеб буго цо-цояз. Мисалалъе, бертин гьабулелъул, лъимер гьабураб бакIалда. Гьозда абунани, гьеб жо диналде данде кколарин, гьудулзабиян, абизехъин буго, гьанже киназго гьедин гьабулила, лъимал роххизейилан . Я дир диналъул яцал, дин-ислам нилъее жакъа гIадат къваригIараб мехалда полкалда лъун, гъоб гIадат лъугIарабго нахъе босулеб тIагIел гуро. Дин ислам буго щибаб цIалебги биччалебги хIухьелалъулъ цIунизе кколеб жо. ТIадегIанав Аллагьас (с.т) къуръаналда жаниб абун буго «Дица рижичIила я инсан, я джинал жиндие лагълъи гьабизе гурони» Гьеле гьедин лагълъиги гьабун нилъ ругони, хьихьулев бетIергьан вуго. Гьес тIаде босун буго нилъ хьихьизе. Нилъеда бичIчIунеб гьечIо, нилъеда ккола нилъго рекерахъдун, хачадун дунял гьабизе кколин. Дунял нилъее Аллагьас кьола Аллагьасул нухда нилъ чIун ругебгIан заманаялъ. КIудияс абуна: «имамзаби гIадин имам бугев чиго вугодай» абун.

(Ахир 6 аб. гьум.)



# Диналдаса къватIире рахъарал рикьалаби



***Ибрагьимов Салман гьавуна 1979 соналъул 5 апрелалъ Гумбет районалъул ЧIиркъатIа росулъ. ГьитIинго хьвадана мадрасалде. Школа лъугIигун цIализе лъугьана Хьаргаби районалда ХIасан афандил цIаралда бугеб институталде. Щуго соналъ гьенивги цIалун практикаялъ витIана Сергохъала районалъул Сергохъала росулъе мадрасалда дарсал кьезе. ЛъагIелгун бащадаб бана гьениб. Гьелдаса хадув тIамуна Ч1иркъатIа росдал мажгиталда дибирлъун. 2012 соналъ Динияб идараялъ Салман тIамуна РахатIа росдал мажгиталъул имамлъун.***

АльхIамдулиллагь, гIорхъи гьечIеб рецц ва щукру буго Аллагьасе нилъ иманалда ратидал, свалат салам нилъер хирияв ХIабиб АхIмадида (с.т.гI.в) гьесул агьлу асхIабзабазда ва гьесул суннаталда нахъ билъараб умматалда.

Нилъер аварагас (с.т.гI.в), абулеб буго: Ягьудиял рикьанила 71 къокъаялде, насраниял 72 къокъаялде, жиндир уммат бикьизе бугила 73 къокъаялде, гьелъул бищун кIудияб гIемерисеб къокъа алжаналде лъугьине гьаризеругила, хутIарал жужахIалде.

ХIадисалдасан нилъеда аварагас (с.т.гI.в) баян гьабулеб буго гIемерисеб халкъалда нахърилъине ккей. Цоги нилъеда лъазе кколеб жо буго, дуньялалда цо миллиард 800 миллион гIанасел бусурбаби ращадаб къагIидаялъ гуреб 73 къокъаялде рикьизе ругел. ХIадисалда абулеб буго:» ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас жиндир умматалъул гIемерисел къосиналда, мекъаб нухда данде гьариларо, Аллагьасул кумек, квербакъи гIемерисел буссурбабазе буго, щив чи вугониги гьев батIа кIанцIун, жужахIалде буго гьесул рещтIин». ХIакълъунго бацIица рехъалъа батIалъараб чахъу чIвала. Аварагас (с.т.гI.в.) бицухъе гьеб лъугьине байбихьана гьев дунялалдаса ун хадуб баккана цо халкъ, къокъаби, къуръаналъул аяталги, аварагасул хIадисалги жидее бокьухъе, жидерго мурадазе гIоло мекъи гьезул баян кьолел. Амма буго гьезул цо къукъа хасс гьабун аварагас(с.т.гI.в) рехсей гьабураб, бищун квешаб къосараб къавминги абураб. Гьел ккола ГIали-асхIаб халифлъун вугеб заманаялъ тIоцере загьирлъарал «хариджитал». Аварагас (с.т.гI.в.) гьезул хIакъалъулъ абуна: «Гьел диналдасан къватIире рахъаралльун руго, чIор гIалхул чанги борлъун добехун араб гIадин. ХIадисазда гьезул гIемер сифатал рехсон руго, къиямасеб къо чIезегIан гьелги, гьезда нахъ рилъаралги рукIине руго абун. Рехсезин гьезул цо чанго сифатал:

1.БетIер кIкIвазе тIами, руччабаздацин. ХIадисалда абухъе:»Гьезул гIаламатаздасан буго бетIер кIкIвай, гьел къиямасеб къо чIезегIан раккулел рукIине руго, нужеда гьел рихьани нужеца гьел чIвай, гьел халкъалъул, гIадамазул бищун квешал руго».

2. Гьез жидерго пикру хисула, цин цо бицун цинги цогидаб бицун.

3.Буссурбабазде куфру гIунтIизаби, ва буссурбабазде данде рагъи.

4. ТIад ругел хIакимзабазде, амирзабазде данде рахъин, ва халкъги гьелде ахIи. ХIадисалда абулеб букIадго: Нуж тIад тарав амирасе, бетIерасе мутIигIлъе, хIабашияв лагъ нужеда тIад таниги», цойги хIадисалда абулеб буго: Нуж тIад тарав амирасе, бетIерасе мутIигIлъе, нужеда гьес кьабуниги, нужехъа гьес боцIимал бахъаниги».

5. Гьел хариджитазги, вагьабиязги жидее бокьухъе аятазулги, хIадисазулги магIна гьаби. ХIадисалда абулеб буго:» Щив чи вугониги жиндир пикруялда рекъон Къуръаналъул магIнаби гьарун, гьес жужахIалда жиндиего бакI къачIай абе».

6. Гьез гIибадаталде кIвар кьей, гьеб гIемер гьаби. Амма гьезул битIараб игIтикъадги гьечIого гьабураб гIемераб гIибадаталъул пайда букIине гьечIо. Аварагас (с.т.гI.в) асхIабзабазда абураб гIадин:» Нужее гIибадат цIакъ дагь букIине буго, гьезулалде данде ккун.

7. Гьезул гIемерисеб букIине буго гIакълу гьечIеб гIолохъанаб гIел. ГIали асхIабасдасан бицана:» Жинда рагIана авараг (с.т.гI.в) жинца абулев:» Къиямасеб къо чIезе гIагарлъидал раккизе руго гIолохъанал гIакълуги дагьал гIадамал, аварагасул (с.т.гI.в) хIадисалги къуръаналъул аяталги жидеца рицунел, амма жидеда диналъул щибго бичIчIи гьечIел.

# «Ассалам» газета-гIашикъаб гьобол



***Дун мекъи ккеларо, жакъа магIарулазе бищунго хирияб ва пайдаяб газета «Ассалам» бугин абуни. Гьеб газеталдасан щола гIемер гIадамазе динияб дарс, бокьараб суалалъе батула жаваб, лъала Дагъистаналда диналъул бугеб хIалги, дунялалдаго бусурбабазул бугеб хIакъикъатги. Гьеб газеталдасан халкъалъе бугеб пайда бичIчIуна жалго газета биччалездаги. Гьединлъидалин цогидал газеталго гIадин почалде тIаде хIалтIиги тIамун чIечIого «Ассалам» газеталъул нухмалъулез жидерго хассал чагIи тун ругел щибаб районалда гьеб газета гIадамазухъе кодобе щвезе гьабизе. Нилъер районалда гьединав чи ккола Унсоколо районалъул ГIашилтIа росулъа ХIажиев МухIамадсайгид. Гьес цIалун лъугIизабуна Хьаргаби бугеб мадраса ва Буйнакскиялда бугеб исламияб институт. ПассихIаб вагIза насихIатаздалъун гIадатиял гIадамазул гъира базе гьабула «Ассалам» газета хъвазеги ва щивасухъе кодобе жиндир заманалда швезабиялдалъун рохизеги гьарула газеталъулгун гьудуллъи ккурал гIадамал.***

***МухIамадсайгид, гьаб почалда тIад тIамун течIого, хасс гьабун гIадамазухъе газета щвезе гьабизе чи тIамиялъул магIна щиб?***

Гьелъул магIна буго жиндир заманалда подписчикасухъе газета щвезе бокьи. Гьел балагьун чIезаричIого, гьезул ракI буссинегIан чIечIого, гьезулгун гьудуллъиги, гьуинлъиги цIунун бухьен щула гьаби.

***РукIуниц газеталъе подписка гьабеян мун аскIове индал, согIго жаваб кьолел, бокьунгутIи загьир гьабулел?***

АльхIамдулиллагь, жакъа къоялда жанир гьединал гIадамал гьечIо. Байбихьуда рукIунаан жидехъе газетал щолел гьечIин, хъванго щай абун. Гьелдасан бугеб пайда бичIчIунарелги камулароан.

***Гьале лъабабилеб сон сверулеб буго дур гьеб хIалтIи тIаде босаралдаса. Хисаниц гьеб заманалда жаниб гIадамазул диналдехун, хас гьабун, газеталдехун бербалагьи?***

Узухъда хисана. ХисичIого ресги гьечIо. «Ассалам» газета буго Динияб идараялъ 30 гIанасев гIалимчиги тIад хIалтIун къватIибе биччалеб газета. Абизе бегьула моцIалда жаниб кIиго нухалъ 30 гIалимчи гIадамазухъе рукъо-рукъове вачIунев вугин.

Гьединлъидал рес гьеч1о инсанасул рух1ияб рахъ бечелъич1ого, иман щулалъич1ого бук1ине.Х1атта чанги руго г1урус ракьалда капурчияс гьеб газетаги ц1алун дин босиялъул х1ужжабигицин. «Ассалам» буго буссурбабазе чара гьечIого хIажатаб газета.

Гьарула бачIунеб лъагIелалъги гьеб газета хъвараздаги хъвачIездаги гьебги хъвайин гьелдаса пайдаги босейин. Нилъеца гьелдаса пайда босизе ккола дин ислам бичIчIиялъе иман щулалъиялъе.

***КигIанасеб къадаралде бахунеб жакъа къоялда жаниб Болъихъ районалда «Ассалам» газеталъул тираж?***

Дун вачIараб соналъ газеталъул тираж батана дида 400, дица гьеб бахинабуна 1000ялде. Хадусеб соналъ гьелъул тираж бахана 1200. Исана «Ассалам» газеталъул тираж буго 1500.

**Баркала МухIамадсайгид, гьабулеб дандебилъаги.**

***З.МУХIАМАДОВА.***



# Сафар моцI ва гьелъул адабал



АльхIамдулиллагьи раббил гIаламин. Аллагьумма свали гIала саййидина МухIаммади ва гIала али сайидина МухIаммади васаллим.

Хириял диналъул вацал, нуж Аллагьасдасан хIинкъа, гьеб буго Аллагьас кинальго халкъазда гьабураб васият: Аллагьас Къуръаналда абуна»Ва хIакълъунго дица васият гьабуна нужедасаги цебе жидехъе тIехь кьураздеги ва нужедаги нуж Аллагьасдаса хIинкъе абун» Диналъул вацал, Аллагьасдасан хIинкъаралълъун рукIуна Аллагьас фарз гьабураб жо гьабиялдалъун ва гьединго Аллагьас хIарам гьабураб жо теялдалъун. Щив чи вугониги, Аллагьасдасан хIинкъун, Аллагьас гьев чи цIунула, гьединго щив чи вугониги, Аллагьасда таваккал тIамун, Аллагьас гьесие бигьалъи гьабула. Диналъул вацал, нилъ руго сафар моцIалда жанир. Цебе жагьилаб заманаялъ (дин бачIиналде цебе букIараб заман) гIарабияз абулеб букIана, гьеб сафар моцIалъ къварилъи балагьал гIемер рукIунила ва гьединго гьеб сафар моцI бугила баракат гьечIеб моцI.

Гьелъ, гьез гьеб сафар моцIалъ: лъималазе сунат гьабулеб букIунаро, сафаралде унел рукIунаро ва гьединго щибниги жоялде гIамал ай байбихьи гьабулеб букIунаро. Гьанже нилъеца хIисаб гьабе, гьеб жагьилаб заманалъ букIараб гIадат гьанжеги хун гьечIо, 14 гIасру араб мехалъги, ай жакъаги руго нилъер гIадамал гьеб сафар моцIалъ бертин гьабуларел, сафар гьабуларел, гьединго щибниги жоялъе байбихьи гьабуларел.

Хириял диналъул вацал, ислам бачIараб мехалъ нилъер диналда данде кколарел гьел гIарабиязул гIемерал гIадатал хвезе гьаруна. Бицен гьабилин гьезул букIараб ункъго гIадаталъул, нилъер диналъ хвезе гьабураб:

Нилъер аварагас (с.т.гI.в) абуна «Ла гIадва вала тIиярата вала гьамата вала сафара» гьаб хIадисалда жаниб аварагас гьезул ункъго гIадат хвезабуна.

ТIоцебесеб-аварагас (с.т.гI.в) абуна «Ла гIадва» гьалъул магIна унтарав чиясдаса сахав чиясда унти бахуларо жибго жиндаго. Унтарав чиясдаса сахав чиясде унти бахуна Аллагьасул къадаралдалъун. Амма жагьилаб заманаялъ гIарабияз абулеб букIана унтарав чиясдаса сахав чиясде унти бахуна тIабигIаталъ жибго жиндаго Аллагьасул къадар гьечIого. Гьелъ исламалъ гьезул гьеб игIтикъад хвезе гьабула.»

Аллагьасул къадар гьечIого щибниги жо лъугьуларо Мисалалъе босани: Грипп бугев чи рокъов жанив вугони рокъор жанир ругелщиназдайищ грипп бахунеб? Аллагьасул къадар бугел унтула, гьечIел унтуларо. Аварагас (с.т.гI.в.) гьедин абураб мехалъ: цо чияс абула я бичасул авараг (с.т.гI.в) Варани букIуна сахаб, чан гIадаб, гьоркьоб хьирис бараб варани бачIани гьелдаги хьирис бала, унтула, щайха гьедин бугеб? Аварагас (с.т.гI.в) абула: Батани тIоцебесеб варааниялда унти киса бахараб?» Гьес абизе бегьулаан цогидаб вараниялдаса баханила цинги гьесда абила цогидаб вараниялда киса бахараб ва гьедин рахас лъугьун уна.

Гьелъ, диналъул вацал, тIадегIанав Аллагь вуго тIоцебеселъулъги кIиабилелъулъги унти бахинабурав. Жузам абун унти букIана, гьеб цIакъ квешаб, тIад бахунеб унти буго. Гьединаб унти бугев чигун цадахъ кванана авараг (с.т.гI.в) Кваналеб мехалъ гьес абуна «Аллагьасдаги божун, Аллагьасде мугъги чIван» абун. Аварагасе (с.т.гI.в) щибниги лъугьинчIо.

Гьеб гьечIо, диналъул вацал, Аллагьасул къадаралдалъун гурони унти бахунаро абун, цIуничIого бокьухъе рукIа абураб жо, цIуне, сабаб гьабе. Аварагасги (с.т.гI.в) абуна: «мун лъуте жузам унти бугев чиясдаса, гьалбацIалдаса мун лъутулев гIадин» гьединго аварагас (с.т.гI.в) абуна: «унтараб хIайван бачунге сахаб хIайваналда тIад» Гьелъ, диналъул вацал, сабаб гьабе, цIуне. Амма сабабги гьабун цIунун унти тIад бахани, Аллагьасул къадар букIун бугин абе» Рази рукIа къадаралда.

КIиабилеб, гьезул хвезе гьабураб гIадат

«ва ла тIиярата» гьалъул магIна божун унеб хIинчIалда бараб жоги щибниги гьечIо.

Цебе гIарабияз мугъчIвай гьабулеб букIанила хIанчIазда. Гьезул цояв сапаралда къватIив вахьунелъул сапаралда гьесий хIинчI бихьани кваранаб рахьалда боржун унеб, гьес лъикIалдехун пал тIамулаан, гьаб хIинчI кваранаб рахьалдехун анин, жакъа дие нух битIизе буго, абун ва гьев сафаралъ къватIивеги вахьунаан, амма гьесие хIинчI бихьани квегIаб рахьалде боржунеб, гьес пал тIамулаан квешалде, жакъа нух битIизе гьечIиланги абун къватIиве вахьунароан.

МугIавиятица гьикъана аварагасда (с.т.гI.в) «Я, бичасул авараг, ниж рукIана цере хIинчIалда мугъ чIвай гьабулел» аварагас (с.т.гI.в) абуна «ХIакълъунго гьеб жо буго нужеда ракIалда кколеб бугеб жо, гьелъ нуж нахъ чIваге сапаралдаса»

Гьединго ГIикриматица абуна» Ниж рукIана гIодор чIун Ибну ГIабасида аскIор, цо хIинчI ана боржун ахIдолаго, цо чияс абуна хIинчI ахIдараб мехалъ «Рохел, рохел» абун. Гьеб мехалъ ибну ГIаббасица абуна «Роххелги гьечIо квешлъиги гьечIо» абун.

Лъабабилеб гIадат; «ва ла гьамата» гьалъул магIна-рузалъул ахIдеялдаги бараб гьечIо шибниги жо. Цебе, жагьилаб заманаялъ, гIарабияз абулеб букIана цо чиясул азбаралда рузги бачIун гьеб ахIданани, гьенив жанив цо чи хвезе вугилан, чиясул заман лъугьараб мехалъ бачIунила гьеб ахIдезе-ян. Нилъер гьаниб гьедин рехсола чIегIергьеду. Гьеб гIадатги хвезе гьабуна исламалъ.

Гьедин бачIун руз ахIдани, гьелъ щибха абулеб?

Гьеб рузалъул бицун ибну МасгIудица абуна:» Дун вукIана КагIбида аскIов, гьесда аскIов вукIана ГIумар (р.гI) асхIабги. КагIбица гьесда абуна «Я ГIумар, дица дуда бицилищ дица аваргзабазул тIахьазулъ цIалараб цо гIажаибаб жо» ГIумар (р.гI) асхIабас абуна бице абун. Гьес бицула

Руз бачIана Сулайман (гI.с) аварагасухъ, гьелъ Сулайман (гI.с) аварагасе салам кьуна, гьес салам буссинабуна ва абуна:- «Дуца дида бице, щай мун кваналареб бекьараб жоялдаса? Рузалъ жаваб гьабуна «Бичасул авараг, хIакълъунго Адам (гI.с) авараг алжаналдаса къватIиве вахьана гьеб сабаблъун»

-Щай дуца лъим гьекъолареб?

-ТIадегIанав Аллагьас НухIил къавм гьанкъизе гьабуна гьелъулъ

-КъачIараб бакIги тун, щай мун чIунтараб, рехун тараб бакIалда чIолеб?

-Гьеб рехун тараб бакI Аллагьасул ирс буго

-Гьеб чIунтараб бакIалда гIодоб чIараб мехалда дуца щиб абулеб?

-Кир ругел гьел гIадамал, дунялалъул лазат жидеца босулел рукIарал

-Гьезул рукъзабазда тIасан мун боржун унеб мехалъ дуца щиб ахIулеб?

-Кин гIадамил лъимал кьижулел, гьезда цере кутакал къварилъабиги рукIун

-Щиб абулеб гьезул азбаралдеги бачIун мун ахIдолеб мехалъ? -Ле, гьал гьафулал гIадамал, нужеца ахираталъул нухде цадахъ тIагIам босе, нуж хIадуре нужерго сапаралъе

Цинги Сулайман аварагас (с.т.г1.в) абуна цониги хIинчI гьечIо гIадамилъимералда гурхIулеб руз гIадин.

Ункъабилеб гIадат» ва ла сафара» гьелъул магIна: сафар моцIалда бараб гьечIо щибниги жо. Цебе жагьилаб заманаялъ гIарабияз абулеб букIана.» Гьаб сафар моцI баракат гьечIеб моцI буго » абун. Гьелъ гьез бертин, ригьин, сафар гьабулеб букIунаро. Исламалъ гьезул гьеб гIадат хвезе гьабуна. Гьаб сафар моцIги цогидал моцIазда рельараб буго. Гьаниб жаниб лъикIлъабиги лъугьуна , квешлъабиги лъугьуна цогидал моцIаздаго гIадин.Аварагас (с.т.гI.в.) бищун хирияй йикIарай чIужу муъминзабазул эбел Хадижат (р.гI) сафар моцIалъ ячана. Жиндирго яс ФатIимат ГIали асхIабасе (р.гI) сафар моцIалъ кьуна.Гьединлъидал сафар моцI бугин абун гьабизе бугеб бертин, ригьин нахъ тIамуге. Ригьин буго хварав чи хехго вукъулев гIадин хехго гьабизе кколеб жо.

Гьанже нилъ ругьунлъун руго диналъул вацал нилъеда тIад бачIараб къварилъи, балагь сафар моцI буго абун гьелда тIад рехизе. Гьеб рехизе ккола нилъеца нилъерго мунагьазда тIад, нилъеца гьабулеб хIарамаб жоялда тIад. Къуръаналда Аллагьас абуна (Ва балагьаздасан нужеда щвараб жо нужерго квераз гьарулел мунагьал сабаблъун щвараб буго) аварагасги (с.т.гI.в) абуна «Нуж кантIе хIакълъунго щивав ханасул буго цIунараб бакI» гьалъул магIна гьенив жанив чи лъугьани гьес гьесие гIакъуба гьабула, хадуб аварагас (гI.с) абуна «Нуж кантIе хIакълъунго Аллагьасул цIунараб бакI гьаб ракьалда тIад Аллагьас хIарам гьабураб жо буго» Гьединлъидал щив чи вугониги Аллагьас хIарам гьабураб жо гьабуни Аллагьас гьесие гIакъуба гьабичIого толаро. Аллагьас толаро нилъ хIарамаб жоги гьабун данде гIакъуба гьабичIого. Гьединлъидал диналъул вацал нилъецаго тIад рачIунел къварилъаби балагьал нилъеца сафар моцIалде тIаде рехуге. Нилъеца гьеб рехе нилъерго нафсалдеги, нилъецапго гьарурал мунагьаздеги. Аллагьасдаса хIинкъа. Щив чи вугониги Аллагьасдаса хIинкъун, гьев Аллагьас цIунула.

**ЗАПИР ЧУПАНОВ**

# РУЧЧАБАЗУЛ МАЖЛИС ТIОБИТIАНА

(авал 3аб. гьум.)

Щайгурелъул гIемер гIадамал рукIуна «Ниж хIалтIула руго, гьав дибирасулгIан жо нижер гьечIо» абун гаргалел. БукIинарищха Аллагьас кьолелъулха гъосие. Къоялда жаниб щуго нухалъ мажгиталде жаниве лъугьунев, жинца бажарараб дин-ислам халкъалдаги тIобитIизабулев гъосие Аллагьас кьола гури гьеб. Гьеб гьечIищ мисал Аллагьас кьеялъул. Кинабго жо кьолевги бокьараб багьана батун, кинабго кьураб бахъулевги ТIадегIанав Аллагь вуго.

Исана гьаб нилъер динияб идараялъ кутакалда тIадчIей гьабулеб буго хварав чи чуриялда. Нилъ берталъе унел ругонани моцIалъго цере хIадурула цIияб ретIел, хьитал росула, бахIарай гьайизе йигей яс кигIан гIемераб заманаялъ нилъеца хIадурулей. Жакъа гьаранани яс ва анкьидасан рукъоеги кьеян абуни бокьизехъин гьечIо. Гьалъие гурдейищ босилареб, салоналдейищ ячинарей. ВачIуна ГIизраил рухI босизе абеха досдаги ниж хIадурун гьечIин, дир малъал гIун руго, дир рас бигъун буго. Дица васасе чIужу ячине йиго, абеха досдаги, бажарулеб батани. ГьечIо гури нилъее рорчIизе бакI. Кинабго нилъеца хвел-хобалда хурхине гьабизе ккола.

Цо маслихIат гьабизе гьунар бугев районалъул имамасда бажарулеб букIинчIо кIиго чи рекъезавизе. ВахI, бокьараб иш рагIалде бахъулев гьасда, киндай бажарула гьечIо абун пикру гьабулей дун йикIадго цо гIалимчияс абуна «Гъол рекъезарула ругел чагIазда хвезе рукIин лъаларого» ян. Хвезе рукIин лъачIонани нилъеца гIемераб мекъаб жо гьабула. Аллагьас хвезе рукIин бичIчIунел гьареги нилъ. Нижер жакъасеб темаго буго «Хварай гIадан чури» Гьеб бихьизабизе буго нижеца.

Гьелдаса хадуб ГIайшатица бихьизабуна хварай гIадан чурулеб къагIида ва бицана щиб цIализе кколебали. Ахиралда ГIайшатица руччабазул суалазе жавабал кьуна.

З.МУХIАМАДОВА.



## Хунзахъ форум

Дагьал церегIан къояз Хунзахъ росулъ тIобитIана «Динияб ишалъул рахъалъ» комитеталъ тIобитIараб мугIрузул районазул форум. Гьеб форумалда гIахьаллъи гьабуна хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировас, районалъул имамасул заместитель ХIусен Расуловас, МигIарсо росдал дибир Запир Чупановас. Гьениб рорхана экстремизмалда, наркоманиялда, терроризмалда хурхарал суалал.



## Гимри иргадулаб мажлис

Араб анкьалъ Унсоколо районалъул Гимри росулъ тIобитIана иргадулаб гIалимзабазул мажлис. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Республикаялъул тIолалго гIалимзабаз. Гьеб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул имамзабазги.



# О налоге на имущество физических лиц

Налогоплательщиками налога на имущество физических лиц в соответствии с Законом № 2003-1 и главой 32 Кодекса признаются физические лица, обладающие правом собственности на имущество, признаваемое объектом налогообложения.

В соответствии с положениями статьи 401 Кодекса объектом налогообложения по налогу на имущество физических лиц признается жилой дом, жилое помещение (квартира, комната), гараж, машино-место, единый недвижимый комплекс, объект незавершенного строительства, иные здания, строения, сооружения, помещения.

Нормами главы 32 Кодекса предусмотрена возможность применения в качестве налоговой базы как инвентаризационной, так и кадастровой стоимости объектов недвижимости. Решение о переходе на применение в качестве налоговой базы кадастровой стоимости принимают органы власти субъектов Российской Федерации в течение переходного периода до 2020 года.

Сведения об объектах налогообложения налогом на имущество физических лиц и правах на них, в том числе о кадастровой сто-имости, представляются в налоговые органы органами, осуществляющими кадастровый учет, ведение государственного кадастра недвижимости и государственную регистрацию прав на недвижимое имущество и сделок с ним, в порядке, установленном статьей 85 Кодекса.

Главой 32 Кодекса предусмотрен ряд механизмов, позволяющих справедливо распределить бремя налога и снивелировать рост

налоговой нагрузки на граждан, нуждающихся в социальной защите.

Во-первых, при переходе на порядок исчисления налога исходя из кадастровой стоимости Кодексом предусмотрены налоговые вычеты, позволяющие уменьшить налоговую базу в отношении определенного перечня объектов недвижимости на величину кадастровой стоимости части общей площади соответствующих объектов недвижимости (пункты 3-6 статьи 403 Кодекса).

Во-вторых, снижены размеры предельных налоговых ставок. Так, в соответствии с положениями статьи 406 Кодекса, в случае определения налоговой базы исходя из кадастровой стоимости, предельные налоговые ставки могут быть установлены в размерах, не превышающих 0,3% в отношении основного перечня видов имущества, которым владеют физические лица.

В-третьих, положениями главы 32 Кодекса определен перечень льготных категорий граждан, освобождаемых от уплаты налога на имущество физических лиц в соответствии с федеральным законодательством. При введении с 1 января 2015 года в действие главы 32 Кодекса все категории граждан, ранее освобождаемые от налогообложения, сохранены.

При этом согласно пункту 2 статьи 399 Кодекса при установлении налога нормативными правовыми актами представительных органов муниципальных образований могут также устанавливаться налоговые льготы, не предусмотренные главой 32 Кодекса, основания и порядок их применения налогоплательщиками.

Также положениями статьи 408 Кодекса предусмотрено равномерное увеличение налоговой нагрузки на налогоплательщиков путем применения при исчислении налога понижающих коэффициентов, установленных применительно к соответствующему налоговому периоду введения налога на имущество физических лиц от кадастровой стоимости.

Надо помнить, что нормами главы 32 Кодекса определено, что льгота предоставляется в отношении одного объекта налогообложения каждого вида по выбору налогоплательщика вне зависимости от количества оснований для

применения налоговых льгот:

1) квартира или комната;
2) жилой дом;
3) помещение или сооружение, указанные в подпункте 14 пункта 1 статьи 407 Кодекса;
4) хозяйственное строение или сооружение, указанные в подпункте 15 пункта 1 статьи 407 Кодекса;
5) гараж или машино-место.

В целях реализации права налогоплательщика на выбор объектов налогообложения, в отношении которых будет представлена льгота по налогу на имущество физических лиц, приказом ФНС России от 13.07.2015 № ММВ-7-11/280@ утверждена форма уведомления о выбранных объектах налогообложения, в отношении которых предоставляется налоговая льгота по налогу на имущество физиче-ских лиц. Таким образом, льготные категории граждан освобождаются от уплаты налога на имущество физических лиц в полном объеме только, например, в отношении одной квартиры вне зависимости от количества квартир, принадлежащих на праве собственности. Следует отметить, что предоставление льготы носит заявительный характер.

Таким образом, лица, имеющие право на льготы, самостоятельно представляют необходимые документы в налоговые органы, либо, воспользовавшись правом, предусмотренным пунктом 1 статьи 26 Кодекса, через законного или уполномоченного представителя.

## О РАССЫЛКЕ НАЛОГОВЫХ УВЕДОМЛЕНИЙ

В текущем году срок уплаты налога на имущество, земельного и транспортного налогов физических лиц установлен не позднее 1 декабря (с учетом изменений, внесенных Федеральным законом от 23.11.2015 № 320-ФЗ). Налоговый орган направляет налогоплательщику налоговое уведомление не позднее 30 рабочих дней до наступления срока платежа. Работа по направлению налоговых уведомлений через отделения почтовой связи будет завершена до середины октября текущего года.

Обращаем внимание, что гражданам, получившим доступ к Личному кабинету налогоплательщика, налоговые уведомления направляются в электронной форме через личный кабинет налогоплательщика. На бумажном носителе уведомления пользователям личного кабинета дублироваться не будут.

В текущем году это не относится к пользо¬вателям, подключившимся в сентябре-ноябре 2016 года. То есть пользователи, подключив-шиеся к Личному кабинету недавно, получат почтой уведомления за 2015 год, однако в следующем году документ на бумажном носителе по умолчанию уже не получат. При необходимости получения налогового уведомления на бумаге через отделения почтовой связи налогоплательщики должны направлять «Уведомления о необходимости направления документов на бумажном носителе» в адрес налогового органа через Личный кабинет налогоплательщика. Следует отметить, что в настоящее время (после 1 сентября 2016 года) указанный признак будет распространяться лишь на налоговые уведомления за 2016 и по-следующие годы.

Для направления Уведомления о необходимости направления документов на бумажном носителе нужно получить усиленную неквалифицированную электронную подпись. Это можно сделать через «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» бесплатно, в разделе «Профиль». По выбору налогоплательщика электронная подпись может храниться либо на его рабочей станции, либо в защищенном «облачном» хранилище ФНС России. С помощью неквалифицированной электронной подписи можно подписывать не только «Уведомления о необходимости на-правления документа на бумажном носителе», но и такие документы, как налоговая деклара¬ция по форме 3-НДФЛ, заявление на зачет или возврат излишне уплаченных сумм, заявление о предоставлении налоговой льготы и т.д.

В случае указания на отсутствие возможности направления Уведомления через Личный кабинет или наличия иных «личных» причин необходимо принять Уведомление на бумаге и обеспечить внесение соответствующей отметки в программное обеспечение.

**Отдел работы с налогоплательщиками**

# УВАЖАЕМЫЕ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКИ!

# Новый порядок применения Контрольно-кассовой техники

Межрайонная ИФНС №12 по Республике Дагестан информирует вас о переходе на новый порядок применения ККТ «Контрольно-кассовой техники» в соответствии со статьей 3 ФЗ от 03 июля 2016 года №290 ФЗ «О внесений изменении в ФЗ о применении ККТ «Контрольно-кассовой техники». Так же с 15 июля 2016 года предусмотрена возможность добровольного перехода на новый порядок. С 1 февраля 2017 года регистрация ККТ будет осуществляться только по новому порядку, а с 1 го июля 2017 года старый порядок прекратит свое действие. При этом, у предприятий сферы услуг, владельцев торговых автоматов, а также лиц, применяющих патент и ЕНВД, то есть для малого бизнеса, который не был обязан применять ККТ, будет еще целый год для перехода на новый порядок. Для них применение ККТ становится обязательным с 1 июля 2018 года. Такую же отсрочку получат и налогоплательщики, выполняющие работы и оказывающие услуги населению (ч. 7-8, ч.11 ст. 7 Закона № 290-ФЗ).

Но перечень видов деятельности, для осуществления которых ИП и организации вправе не пользоваться ККТ вовсе, сохранен. Более того, он расширен, и теперь среди таких видов следующие:

- ремонт и окраска обуви;
- присмотр и уход за детьми, больными, престарелыми и инвалидами;
- реализация изготовителем изделий народных художественных промыслов;
- сдача ИП в аренду жилых помещений и т. д. (абз. 11, абз. 13-14, абз. 17 п. 2 ст. 2 закона о ККТ).

Зарегистрировать новую ККТ можно будет в личном кабинете на сайте ФНС России после заключения договора с оператором фискальных данных, выбрать которого можно самостоятельно. Получить более подробную информацию можно на сайте ФНС России в специальном разделе «Новый порядок применения контрольно-кассовой техники».

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

Администрация МР «Ботлихский район» объявляет конкурс на замещение вакантных должностей муниципальной службы:

1. Главного специалиста отдела безопасности, гражданской обороны и чрезвычайных ситуаций администрации МР «Ботлихский район»;
2. Ведущего специалиста по муниципальной статистике отдела экономики управления финансов и экономики администрации МР «Ботлихский район».
3. Ведущего специалиста отдела экономики управления финансов и экономики администрации МР «Ботлихский район»;
4. Ведущего специалиста по информационным технологиям организационноправового отдела администрации МР «Ботлихский район»;
5. Ведущего специалиста-инспектора управления образования администрации МР «Ботлихский район»;

В конкурсе на замещение должности муниципальной службы администрации МР «Ботлихский район» могут принять участие лица, имеющие:

1. гражданство РФ;
2. высшее профессиональное образование по специальности, соответствующей функциям и конкретным задачам, возложенным на работника.

Желающим принять участие в вышеуказанном конкурсе необходимо представить в администрацию МР «Ботлихский район»:

а) личное заявление на имя председателя конкурсной комиссии администрации МР «Ботлихский район»;

б) собственноручно заполненную и подписанную анкету по форме, утвержденной распоряжением Правительства Российской Федерации от 26 мая 2005 г . .№ 667-р (в ред. распоряжения Правительства Российской Федерации от 16 октября 2007 г . .№1428-р), с приложением двух фотографий 3х4, выполненных в цветном изображении без уголка, указанием точного почтового адреса регистрации и фактического проживания, адреса электронной почты;

в) копию паспорта или заменяющего его документа (соответствующий документ предъявляется лично по прибытии на конкурс);

г) документы, подтверждающие необходимое профессиональное образование, квалификацию и стаж работы:

копию трудовой книжки (за исключением случаев, когда служебная (трудовая) деятельность осуществляется впервые ),заверенную нотариально или кадровой службой по месту работы (службы), или иные документы, подтверждающие трудовую (служебную) деятельность гражданина;

копии документов об образовании и о квалификации, а также по желанию гражданина копии документов, подтверждающих повышение или присвоение квалификации по результатам дополнительного профессионального образования, документов о присвоении ученой степени, ученого звания, заверенные нотариально или кадровой службой по месту работы (службы);

д) документ об отсутствии у гражданина заболевания, препятствующего поступлению на муниципальную службу или ее прохождению (учетная форма .№ 00 1- ГС/у);

е) копии документов воинского учета (при наличии);

ж) сведения о своих доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, а также о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера супругу (супруга) и несовершеннолетних детей (форма справки утверждена Указом Президента Российской Федерации от 23 июня 2014 г . .№ 460).

Муниципальный служащий, замещающий должность муниципальной службы в администрации МР «Ботлихский район» и изъявивший желание участвовать в конкурсе, подает личное заявление на имя председателя конкурсной комиссии администрации МР «Ботлихский район».

Документы принимаются в рабочие дни (понедельник - пятница) с 9.00 до 12.00 и с 13.00 до 16.00 по адресу: с. Ботлих Ботлихского района РД, администрация МР «Ботлихский район», организационно-правовой отдел, телефон 2-21-74.

Документы для участия в конкурсе принимаются в течение 21 дня со дня опубликования данного объявления.

Несвоевременное представление документов, представление их не в полном объеме или с нарушением правил оформления является основанием для отказа гражданину в их приеме.

Конкурс будет проводиться в здании администрации МР «Ботлихский район».

**Первый заместитель главы администрации**
**А. Магомедов.**
**А. А. Муталипов 22174**

# ШАХБАНОВ КАМАЛУДИН ГIАЛИЕВИЧ



Камалудин гьавуна 1937 соналъул 14 маялда Шодрода росулъ.

ЛъикIал хIасилазда гьоркьохъеб школаги лъугIизабун гьев цIализе лъугьана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталде. Гьеб лъугIун хадув хIалтIана Кизилюрталъул РК КПССалъул инструкторлъун, ЦIунтIа районалъул ветлечебницаялъул заведующийлъун, Болъихъ РК КПССалъул кIиабилев секретарлъун, Болъихъ исполкомалъул председателасул заместительлъун. 1990 соналдаса нахъе Камалудин ГIалиевич вукIана районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председательлъун.

Гьев вукIана гьабулеб ишалъулъ жавабчилъиги мухIканлъиги бокьулев инсан. Гьедин, жинда тIад къараб хIалтIи щвалде щун, ракIбацIцIадго гьабиялъул хIасилллъун ккана Камалудин ГIалиевичасе районалъулги Республикаялъулги рахъалдаса щварал рикIкIен гIемерал шапакъатал.

ШагIбанов Камалудин ГIалиевич Аллагьасул къадаралде щвана 20I6 соналъул ноябралда.

Мунагьал чураяв Камалудин лъалелщиназе гьев хутIила жигарав, гIаданлъи бугев,кидаго гIадамазе кумекалъе хIадурав инсанлъун.

**Райадминистрация**
**Депутатазул собрание**

# Информация

В целях обеспечения эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных учреждений, оказания им содействия в профессиональном самоопределении, реализации индивидуального потенциала и ориентирования их на выбор профессий (специальностей), пользующихся перспективным спросом на рынке труда, Центром занятости населения в МО «Ботлихский район» с 10 ноября по10 декабря проводится месячник профессиональной ориентации учащихся выпускных классов общеобразовательных организаций.

По всем вопросам обращаться в отдел профобучения и профориентации ЦЗН.

Гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ПатхIулаев МухIамадида, МухIамадов АхIмадида ва кинабго гIагарлъиялда **САЛТАНАТ** Аллагьасул къадаралда щвеялда бан райадминистрациялъул хIалтIухъабаз ва депутатазул Собраниялъ. Алжан насибаб батаги гьелъие.


**ГЬУДУЛЛЪИ**

**Газета гIуцIарал:**

**Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив**

**учредитель:**

**Ботлихская районная администрация и коллектив редакции**

БетIерав редактор

***ГI. ГIумаханов***

**От**делалъул редакторал

**П. Дибирова**
**А. Агъларов**

**Мухбирзаби**

***З.МухIамадова***
***М. ГIумаханова***

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**А. Назирбекова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***

***Адрес: 368970***
***Болъихъ росу,***
***Школалъулаб къватI***

***Телефонал:***
***Редакторасул 2-20-53***
***гIаммаб 2-20-37***

***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6***

***Тираж -550***
***Индекс-51349***
***Багьа-6 гъурущ***

***Газета печаталде кьуна***

***Заказ № _____***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

***Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ.***
***Регист. ПИ***

***№ 10 - 4614***

***Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.***